

# ENSÈK KI RELE AGRIL FRÈN LA NAN BOSTON.

Chache konnen kijan vil Boston ap pwoteje pyebwa ki rele Frèn nou yo ak kisa ou ka fè pou ede yo.



## KISA KI AGRIL FRÈN LA (EMERALD ASH BORER ANN ANGLÈ)?

Agril Frèn la se yon skarabe ki touye pyebwa Frèn yo, lè lav li yo fouye anba ekòs la epi yo manje eleman nitritif yo k ap sikile andedan pyebwa a. Skarabe a te premye detekte Etazini yo nan lane 2002.



## KOUMAN AGRIL FRÈN LA AFEKTE PYEBWA BOSTON YO?

Agril Frèn la te detekte nan lane 2014 nan kèk pye bwa Frèn nan katye Boston yo ki te montre siy enfeksyon. Li ka pran 3 rive 5 lane pou pyebwa yo kòmanse montre siy eksteryè aktivite Agril Frèn la.



## KI SA AGRIL FRÈN LA MANJE?

Ensèk nuizib la manje sèlman pyebwa ki rele Frèn, men Agril Frèn la touye 99% nan pyebwa Frèn li enfeste yo. Si plis pase yon tyè nan yon pyebwa Frèn ki enfeste mouri akòz domaj Agril Frèn la lakòz, pyebwa a pa ka sove epi yo dwe wete li.

## KI SA KI KA FÈT?

Depatman Pak ak Divètisman Boston ap travay pou kenbe pyebwa nou ki nan lari piblik yo an sante. Nou pral pwoteje pyebwa ki an sante yo epi wete pyebwa ki mouri poutèt anpil enfestasyon pou sispann gaye Agril Frèn la.

Nou ap travay tou sou yon Plan Forè Iben konplè pou prezève ak elaji kouvèti pyebwa nou yo - ak amelyore kalite lavi pou moun Boston an jeneral. Ogmantasyon finansman ak anplwaye pou pran swen pyebwa yo pral ede nou reponn a ensèkt nuizib tankou Agril Frèn la.

## KOUMAN MWEN KA EDE?

Siveye pyebwa ki make pou nou retire oswa resevwa tretman pandan plizyè mwa k ap vini yo. Pa janm deplase yon pyebwa soti nan yon kote mete nan yon lòt. Depatman Pak ak Divètisman Boston pran swen pyebwa ki nan lari yo ak pyebwa nan pak yo; si ou wè yon pyebwa nan lari oswa yon pyebwa nan yon pak piblik ke ou panse ki ka enfeste ak Agril Frèn la, kontakte 311. Si ou gen kesyon sou kouman pou idantifye pyebwa Frèn yo sou pwopriyete prive, tankou tere kay kote moun rete oswa biznis, kontakte yon pwofesyonèl ki sètifye nan pyebwa.

Vizite [boston.gov/trees](http://boston.gov/trees) pou jwenn plis enfòmasyon.

✉ [parks@boston.gov](mailto:parks@boston.gov) ☎ 617-635-4505

📷 🐦 📘 @bostonparksdept

